## KISA POU W FÈ SI ICE ARETE YOUN NAN MOUN FANMI OU?

**1 Mete plan ijans ou an an aksyon epi ekri tout sa ajan ICE yo fè.**

**2** Pou jwenn fanmi w

- Itilize lokalizatè sou entènèt: locator.ice.gov
- Konsilte nimewo telefòn sant detansyon yo: www.ice.gov/detention-facilities

**3** Pou w jwenn dat odisyon yo:

- Rele liy dirèk tribinal imigrasyon an: **800-898-7180** epi bay **Alien Number (A#)** ki sou dokiman imigrasyon yo.

- Tcheke estati ka a sou: https://acis.eoir.justice.gov/en/

### Konnen Dwa Ou

Ou gen dwa konstitisyonèl:

- PA LOUVRI PÒT LA **si yon ajan imigrasyon frape.**
- PA REYAJI NI REPONN KESYON **ajan imigrasyon yo. Ou gen dwa pou w rete an silans.**
- PA SIYEN ANYEN **san w pa pale ak yon avoka. Ou gen dwa pou w konsilte ak yon avoka.**
- **Si w andeyò lakay ou, mande ajan an si w ka ale. Si li di wi, ale san prese.**
- BAY Ajan an Kat Sa a: **Si w anndan lakay ou, montre kat la nan fenèt la oswa glise l anba pòt la.**

## ANBA KOUMA LINFORMASYON KI KARTE TIN EK ROUZ

**Konnen Dwa Ou**

**Ou gen dwa konstitisyonèl:**

- PA LOUVRI PÒT LA **si yon ajan imigrasyon frape.**
- PA REYAJI NI REPONN KESYON **ajan imigrasyon yo. Ou gen dwa pou w rete an silans.**
- PA SIYEN ANYEN **san w pa pale ak yon avoka. Ou gen dwa pou w konsilte ak yon avoka.**
- **Si w andeyò lakay ou, mande ajan an si w ka ale. Si li di** wi, **ale san prese.**
- BAY Ajan an Kat Sa a: **Si w anndan lakay ou, montre kat la nan fenèt la oswa glise l anba**

**Mwen pa vle pale avè w, reponn kesyon w, siyen oswa bay okenn dokiman, daprè Dwa Senkyèm Amannman Konstitisyon Etazini an.**

**Mwen pa otorize w antre lakay mwen, daprè Dwa Katriyèm Amannman Konstitisyon Etazini an, sòf si w gen yon manda jij siyen ak non mwen sou li epi ou glise li anba pòt la.**

**Mwen pa otorize w fouye afè m yo daprè Dwa Katriyèm Amannman an. Mwen chwazi egzèse dwa konstitisyonèl mwen yo.**

**Kat sa yo disponib pou sitwayen ak moun ki pa sitwayen.**

**Kontakte Nou**

*(617) 783-8001*

**Vizit nou sit web**

*braziliancenter.org*

Brazilian Worker Center Inc.

FIGHTING FOR SOCIAL, ECONOMIC & POLITICAL JUSTICE

# Brazilian Worker Center 30 YEARS

## KNOW YOUR RIGHTS
## KONNEN DWA OU

FIGHTING TO **ADVANCE** OUR COMMUNITY'S RIGHTS

CRIOULO

## Dwa Fondamantal:

- Dwa pou w  rete an silans: **Ou pa oblije reponn kesyon.**
- Dwa pou w pale ak yon avoka: **Pa siyen anyen san w pa pale ak yon avoka.**
- Dwa pou w wè yon manda: **Toujou mande pou w wè yon manda ki siyen pa yon jij.**
- **Kenbe yon kat** "Konnen Dwa Ou" **(kat wouj) avèk ou tout tan.**

## Enfòmasyon Enpòtan:

- Sèlman avoka ak reprezantan ki akredite ki kapab bay konsèy legal.
- Notè **pa gen**  **otorizasyon** pou yo bay konsèy legal.
- Asire w ou gen sipò legal pou zafè imigrasyon:
  - Jwenn yon avoka imigrasyon pi vit posib.
  - Si ou kapab, gen yon avoka ki disponib si otorite imigrasyon abòde w.

## Si ICE Vin Lakay Ou:

- Pa louvri pòt la sof si ICE montre w yon manda ki siyen pa yon jij.
- Pa reponn kesyon: Ou gen dwa pou w  rete an silans.
- Pa siyen anyen san w pa pale ak yon avoka.

## Si ICE Vin nan Travay Ou:

- Pa reponn kesyon epi pa bay enfòmasyon pèsonèl.
- Ou gen dwa pou w pa mete tèt ou an liy oswa obeyi lòd ki ilegal.

## Si Polis Fè w Kanpe Pandan w Ap Kondwi:

- Rete chita nan machin nan epi kenbe men w sou volan an.
- Chofè a dwe bay lisans ak enskripsyon machin yo, si sa aplikab, men yo pa oblije reponn kesyon sou estati imigrasyon yo.
- Nan Massachusetts, ou pa bezwen montre estati imigrasyon ou pou w jwenn yon pèmi kondwi.
- Pa janm bay fo dokiman.

## Prepare w davans:

- Mete tout dokiman enpòtan yo ansanm.
- Fè gouvènman peyi w anrejistre nesans pitit ou yo epi mande paspò pou yo oswa yon Otorizasyon Vwayaj si sa nesesè.
- Mizajou enfòmasyon kontak ijans lekòl pitit ou yo.

**PA JANM BAY FO DOKIMAN.**

*Anrezistreman kart vermelho ek gard-o-kom você.*

**Mwen pa vle pale avè w, reponn kesyon w, siyen oswa bay okenn dokiman, daprè Dwa Senkyèm Amannman Konstitisyon Etazini an.**
**Mwen pa otorize w antre lakay mwen, daprè Dwa Katriyèm Amannman Konstitisyon Etazini an, sòf si w gen yon manda jij siyen ak non mwen sou li epi ou glise li anba pòt la.**
**Mwen pa otorize w fouye afè m yo daprè Dwa Katriyèm Amannman an. Mwen chwazi egzèse dwa konstitisyonèl mwen yo.**

**Kat sa yo disponib pou sitwayen ak moun ki pa sitwayen.**